

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Salasahiji Konsép dasar dina Psikolingistik nu mincut sawatara ahli pikeun nalungtik kamekarana nya éta kumaha basa indung bisa dicangking ku budak. Ieu hal nilik kana pamadegan sababaraha ahli basa contona, Slobin (1974), Meller (1964), jeung Slama Cazahu (1973) dina Chaér (2003:5) nételakeun yén Psikolinguistik nalungtik prosés-prosés Psikologi nu lumangsung nalika hiji jalma ngedalkeun kalimah-kalimah nu kadéngé dina prosés komunikasi, sarta kumaha carana kamampuh basa disangreb ku manusa. Kukituna sacara téoritis tujuan utama Psikolinguistik nya éta néangan téori basa nu bisa ditarima ku élmu Linguistik tur bisa diterangkeun sacara Psikologi ngeunaan hakékat basa katut panyangrebna.

Ditilik tina kajian sajarahna, kahayang pikeun nyaho kumaha budak nyangreb basa geus aya dina abad ka-7 saacan Maséhi, Psammetichus I, nitah ponggawa misahkeun dua anakna sangkan nyaho basa naon nu dikawasa. Salaku raja Mesir, manéhna miharep basa nu kedal tina lisan budakna nya éta basa Arab, sanajan satulunya manéhna kuciwa (Dardjowidjojo, 2003:226). Saperti nu dilaporkeun Herodotus (485-425 SM) dina bukuna *History*, disebutkeun yén hal nu nyababkeun Psammetichus ngarasa kudu ngayakeun panalungtikan nyangreb basa alatan anggepana yén bibit buit manusa téh asalna ti Mesir Kuno. Tangtu sélér-sélér liana teu panuju

kana anggepan éta. Antukna salasahiji ponggawa Psemetichus méré bongbolongan sangkan raja ngayakeun panalungtikan, carana nitah saurang tukang ngangon ngurus dua orok nu karék dijurukeun. Tukang ngangon dipahing pisan ngomong atawa ngalakukeun kagiatan komunikasi jeung orok. Ceuk anggepana orok anu diurus téh bakal ngedalkeun kecap-kecap munggaran, tina kecap-kecap éta bakal kapanggih yén sakur orok nu dijurukeun, dina uteukna geus nyangkaruk hiji basa tina bangsa nu pangkolotna di dunya (nya éta Mesir). Satuluyna kacaritakeun, Raja Mesir panuju kana éta sawangan ponggawa téa. Nalika orok téh umurna pada-pada 2 taunan, tukang ngangon ngalaporkeun ka raja yén salasahiji orok ngedalkeun kecap “*becos*”. Ahirna Si Raja kuciwa sabab kecap *becos* nu dikocapkeun ku orok teu aya dina kandaga kecap basa Mesir Kuno. Ku sabab panasaran, raja ahirna nitah sawatara jelema pinter nalungtik harti kecap *becos* sarta aya dina basa naon. Hasil panalungtikan nétélakeun yén *becos* hartina roti nu aya dina basa Prygia. Sanggeus kitu, nurutkeun Herodotus Raja Mesir Kuno teu ngaku deui bangsana salaku bibit buit manusa (Yudibrata Spk, 1998:56-57).

Sabenerna barudak merhatikeun tata basa asli kolotna, sarta konsép-konsép anyar nu dijieun ku maranéhna sorangan, salaku tata basa tunggal. Satuluyna barudak ngawangun hiji tata basa nu anyar tur tata basa nu dibasajankeun kalayan konsép-konsép anyar nu dijieuna sorangan (King, 1969: 80-81, dina Tarigan 1984:243).

‘Pemerolehan’/panyangreb basa nya éta prosés ngawasa basa nu dilakonan ku budak kalayan alamiah waktu manéhna diajar basa indungna (*native language*) (Dina

Darjowidjojo, 2003:225). Subdisiplin Psikolinguistik nu husus nalungtik perkara ‘pemerolehan’/panyangreb basa nya éta Psikolinguistik Perkembangan. Ieu Subdisiplin medar prosés panyangreb fonologi, panyangreb semantik, jeung prosés panyangreb sintaksis kalayan sambung sinambung. Disebut sambung sinambung sabab ti mimiti gubrag ka alam dunya nepi ka kira-kira 14 bulan, orok naratas kamekaran artikulasina. Orok geus mampuh nyangking sora-sora vokal “aaa”, “ééé” atawa “uuu” pikeun ngébréhkeun kahayangna (Dora dkk., 1976, Raffler Engel, 1973) dina Chaér (2003:230). Kamekaran ieu lumangsung nepi ka orok bisa nyangking kandaga kecap dasar jeung kalimah. Kamekaran basa terus lumangsung nepi ka budak umur pra-sakola (Chaér:234-237).

Nurutkeun Chomsky (1957), kamekaran basa budak ngawengku panyangreb basa (*language acquisition*) jeung pembelajaran basa (*language learning*). panyangreb basa kaitanana jeung basa kahiji (BI), sedengkeun pembelajaran basa kaitanana jeung basa kadua (BII). Aya dua prosés nu lumangsung dina panyangreb basa, nya éta *kompetensi* jeung *performansi*. *Kompetensi* nya éta prosés ngawasa tata basa sacara teu sadar, sedengkeun *performansi* mangrupa prosés pamahaman jeung ngedalkeun kalimah-kalimah. Luyu jeung téori Chomsky (1957, 1965), kompetensi nu dimaksud ngawengku tilu komponén tata basa nya éta komponén sintaksis, komponén semantik, jeung komponén fonologi. Dina ‘pemerolehan’ sintaksis jeung semantik kaasup ogé ‘pemerolehan’ léksikon atawa kandaga kecap, (Chaer, 2003:167-168). Nurutkeun Dardjowidjojo, panyangreb kandaga kecap mangrupa

prosés pangbanggana pikeun dijabarkeun sacara *universal*, hususna nu aya kaitanana jeung jumlah kecap nu dikawasa ku budak. Variabelna kawilang réa teuing nepi ka jumlah jeung rupa-rupa kecap nu dicangking ku budak kacida dipangaruhan ku faktor-faktor saperti budaya, atikan kulawarga, jeung lokasi kulawarga (désa atawa kota).

Kandaga kecap, kabeungharan kecap, kajembaran kecap, atawa kosa kecap dina basa Inggris disebutna *lexicon*. barudak ngartikeun heula harti kecap-kecap nu kacida diperlukeun ku manéhna. Tapi, saacon kecap nu diperlukeun tinekanan jumlahnya, barudak bakal terus maké basa isarat salaku basa gaganti. Barudak diajar dua jenis kandaga kecap nya éta kandaga kecap umum jeung kandaga kecap khusus. Pikeun wanoh ngeunaan konsép kandaga kecap lain hal nu gampang. budak teu ngawasa ma'na kecap kitu waé. Aya sababaraha strategi-strategi nu dilakonan (Golinkoff spk 1994 dina Gleason jeung Ratner 1998:361) dina Dardjowidjojo (2003:262). Numutkeun sababaraha ahli basa, mimitina barudak nyangking kandaga kecap dasar heula (*basic vocabulary*) lantaran kandaga kecap dasar sifatna *universal* jeung semesta. Jenis jeung ciri *basic vocabulary* sarua diunggal basa di dunya. Ku sabab kitu ieu panalungtikan museurkeun perhatian kana kandaga kecap dasar nu dikawasa ku barudak umur 2-3 taun nu aya di desa Gandasari Kacamatan Katapang Kabupatén Bandung, sarta kumaha aspék fonologis katut semantikna nu saterusna bakal dijadikeun bahan dasar pangajaran basa Sunda di *Play Group*.

Kandaga kecap nu dimaksud nya éta kecap-kecap basa Sunda. Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda anéka ragam basa. Numutkeun daerah dipakéna, basa Sunda téh leuwih loba dipaké diluar kota ti batan di jero kota. Unggal golongan masarakat anu aya di padésaan, dina ngabahas rupa-rupa jejer leuwih loba maké basa Sunda ti batan nu cicing di kota. Nilik kana potensi makéna basa Sunda, daerah nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta désa Gandasari, salasahiji désa nu aya di Kacamatan Katapang Kabupatén Bandung. Daerah ieu ogé mangrupa tempat panulis nanjeur, jadi dina prosés panalungtikan lumangsung loba kaonjoyanna sabab daerah sorangan.

Tingkat kemekaran sél uteuk budak lumangsung dina taun-taun kahiji kahirupana. Nalika umur 4 taun, 80% jaringan uteukna geus sampurna. Jaringan nu dimaksud bakal mekar, lamun aya rangsangan-rangsangan ti luar mangrupa pangalaman-pangalaman diajar. Sabalikna jaringan sel bakal musna lamun teu dirangsang. Ku sabab kitu, para ahli *neuroscience* nétélakeun yén période kamekaran mangsa budak salaku périod emas (*golden ege*). Ku kituna, pamaréntah geus ngalakonan sababaraha kagiatan dina raraga ngamekarkeun potensi Budak ‘Usia Dini’, antukna dina taun 1998 ditaratas ayana proyék *Pengembangan Anak Dini Usia* (PADU) nu ayeuna jadi PAUD. Salasahiji jenis PAUD nya éta *Play Group*.

Play Group nya éta tempat barudak diajar sosialisasi katut interaksi jeung babaturan saumurna, budak ogé bisa ulin ku cara dibimbing jeung dibéré pembelajaran nu sipatna dasar. Dina kabasaan barudak umur 2-6 taun sok nyiptakeun

kecap-kecap anyar. Kecap nu dipaké biasana dumasar kana kamandang barudak ngeunaan lingkungan sabudeureuna sarta jalma nu jadi puseur tujuan barudak dina komunikasi. Salaku sarana pembelajaran dasar, *Play Group* can pati sumebar di wewengkon padésaan. Lolobana *Play Group* aya di wewengkon kota, padahal lamun ditingali tina tingkat kabutuhana, barudak di désa leuwih loba sarta ayana ti kulawarga miskin. Ku ayana *Play Group* tangtu bisa ngurangan jumlah warga miskin sabab *Play Group* bisa ngarangsang inteléktual, sosial jeung moral budak salaku asét bangsa.

Panalungtikan kandaga kecap barudak umur 2-3 taun ditaratas sangkan bisa méré kontribusi kana bahan ajar basa Sunda di *Play Group*, sabab kamampuan diajar basa jeung nyangking basa aya nalika *golden age*. Dina Psikolinguistik, ulikan ngeunaan ‘pemerolehan’/nyangreb basa geus aya nu tinekanan, nya éta ku Soenjono Dardjowidjojo, nu nalungtik ‘pemeroléhan’ basa Echa, ti mimiti Echa gubrag ka alam dunya nepi ka umur lima taun. Ieu panalungtikan sipatna longitudinal, nya éta panalungtikan basa nu aya hubunganana jeung kamekaran budak ti waktu ka waktu. Lian ti éta, aya skripsi nu judulna “Pemerolehan Kosa Kata Dasar Anak Pralingual Usia 1-2 Tahun: Tinjauan dari Aspek Semantis (Maya Rohmayati, 2007) nu ngadéskripsiéun ‘pemerolehan’ kosa kecap anak pralingual dumasar kosa kecap Swadesh sarta panalungtikana dikaitkeun jeung kasalahan ma’na anak pralingual. Objek panalungtikana nya éta barudak nu basa indungna (BI) maké basa Indonesia. Lian ti éta aya ogé skripsi ti Jurusan Pendidikan Guru Taman Kanak-Kanak (PGTK)

karya Yetti Kurniawati (2008) nu judulna “Tingkat Penguasaan Kosa Kata Bahasa Sunda Anak-anak TK di Kabupatén Bandung” nu ngadéskripsiéun kaayaan basa Sunda budak TK dumasar kana papasingan kecap-kecap basa Sunda lemes jeung kasar katut interférénsina basa Indonesia minangka B2 kana basa Sunda minangka B1. Ari panalungtikan ngeunaan kandaga kecap ogé geus loba nu tinekanan, di antarana Skripsi karya Aditia Gunawan (2007) nu judulna “Dialék Sosial Basa Sunda Di Kacamatan Cianjur Kabupatén Cianjur” (Ulikan Kandaga Kecap Ragam Basa Prokém (Slang) di Kalangan Rumaja), nu ngadéskripsiéun warna kecap, pola ngawangun kecap, sarta pungsi basa prokém rumaja di Kacamatan Cianjur Kabupatén Cianjur.

Tina panalungtikan nu ditataan di luhur, tééla yén panalungtikan ngeunaan kandaga kecap basa Sunda barudak umur 2-3 taun ditilik tina jenis kandaga kecap dasar sarta aspék fonologis jeung ma’na mah can aya nu ngalaksanakeun. Ku kituna, panulis milih ieu topik. Salian ti éta, nu ngadadasaran ieu panalungtikan dipilih nya éta perluna bahan dasar basa Sunda di *Play Group*, kandaga kecap nu geus meunang nalungtik bisa dijadikeun référénsi dina ngabimbing interaksi jeung komunikasi di *Play Group*.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Waktu lahir, budak ngan dipaparin 20% tina uteuk jalma sawawa. Béda jeung sato nu dipaparin 70%, matak teu anéh sato mah geus bisa ngalakukeun sagala hal sanajan karék dijurukeun, sedengkeun manusa ngan bisa ceurik jeung usik wungkul. Ukuran nu bédha ieu tangtu dijieuun sangkan kamekaran uteuk manusa saimbang jeung kamekaran badanna. Kamekaran ‘pemeroléhan’/nyangreb basa budak bisa ditalungtik ti timimiti pralinguistik kahiji, pralinguistik kadua, tahap holofrastik, omongan dua-kecap, tata basa, jeung tata basa nincak sawawa. Tiap kamekaran ditandaan ku umur budak, sanajan teu salawasna umur némbongkeun tahap ‘pemeroléhan’ basa budak, contona dina kamekaran tata basa aya budak nu umurna 2 taun geus nepi kana kamekaran tata basa tapi aya ogé nu nepi ka 3 taun masih maké kecap-kecap dua-kecap (Tarigan, 1986:266).

Maluruh kamekaran basa budak sacara gembleng ti mimiti orok beureum nepi ka umur prasakola tangtu bakal lega teuing ambahanana, ku kituna ieu panalungtikan dipuseurkeun kana kandaga kecap basa Sunda budak umur 2-3 taun wungkul nu satulunya dipaluruh ngeunaan kompetensi leksikon hususna kandaga kecap dasar sarta aspék fonologis jeung aspék semantikna pikeun bahan ajar basa Sunda di *Play Group.*

1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan leuwih tétéla, watesan masalah di luhur téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya saperti dihadap ieu.

- 1) Sabaraha jumlah kecap dasar nu dikawasa ku barudak umur 2-3 taun?
- 2) Warna kecap naon nu sering dikedalkeun ku barudak umur 2-3 taun?
- 3) Sora-sora naon baé nu muncul sacara fonologi?
- 4) Kumaha cara budak meunangkeun harti nu sabenerna?
- 5) Kumaha bahan pangajaran di *Play Group*?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sakumaha nu geus dibéjér-béaskeun dina kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Jumlah kecap dasar nu dikawasa ku barudak umur 2-3 taun;
- b. Babandingan perséntase warna kecap nu sering dikedalkeun ku barudak umur 2-3 taun;
- c. Sora-sora naon baé nu muncul sacara fonologi;
- d. Cara budak meunangkeun harti; jeung
- e. Bahan pangajaran di *Play Group*.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Hasil dina ieu panalungtikan dipiharep mibanda mangpaat saloba-lobana, saperti nu dipedar di handap.

- a. Pikeun kolot nu boga budak umur 2-3 taun bisa jadi référensi yén umur kawilang relatif dina nangtukeun kamampuh budakna ngawasa kandaga kecap;
- b. pikeun lembaga pendidikan, mutolaah ngeunaan panyangreb basa bisa dijadikeun référensi dina widang kamekaran kognitif;
- c. pikeun lembaga pengobatan, mutolaah ngeunaan ‘pemerolehan’ basa bisa dijadikeun référensi saperti *aphasia* atawa leungitna kamampuh maké jeung ngama’naan kecap-kecap nu disababkeun ku panyakit uteuk;
- d. pikeun linguis bisa méré sumbangan ngeunaan analisis kandaga kecap nu sering muncul ku budak umur 2-3 taun sarta méré gambaran ngeunaan aspek fonologi jeung semantik;
- e. pikeun tanaga pangajar PAUD, bisa dijadikeun bahan ajar dina ngabimbing interaksi basa Sunda hususna di *Play Group/TK/RA*, jeung;
- f. jadi bahan référensi panalungtikan ‘pemerolehan’/panyangreb basa satuluyna.

1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, tori atawa sawangan nu dijadikeun dadasar hiji panalungtikan (Suyatna, 2002:7), dina panalungtikan ieu dipaké sababaraha anggapan dasar saperti di ieu handap.

- a. Sakabéh budak normal bakal nyangreb basa indungna ngaliwatan kamekaran-kamekaran tahun *neurobiologi*;
- b. kandaga kecap nu dihasilkeun ku budak raket patalina jeung lingkungan disabudeureuna;
- c. ‘pemerolehan’ fonologi, leksikon jeung semantik bagian tina proses kompetensi ‘pemerolehan’ basa.

1.5. Raraga Tori

Téori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku téori-téori ngeunaan panyangreb (*pemerolehan*) basa, kandaga kecap, Psikologi Perkembangan, jeung bahan ajar.

Téori-téori ngeunaan panyangreb basa dipaké pikeun ngulik kandaga kecap barudak umur 2-3 taun, dina ‘pemeroléhan’ basa dipuseurkeun kana kompetensi ‘pemeroléhan’ fonologi, léksikon jeung ma’na. Buku-buku nu dijadikeun sumber, di antarana: *Psicolinguistik Pengantar Pemahaman Bahasa Manusia* (Dardjowidjojo:2005), *Psikolinguistik Kajian Téoritik* (Chaér:2003), *Psikolinguistik*

(Tarigan:1986), *Psycholinguistics* (Insup Taylor&M. Martin Taylor: 1990), *Psikolinguistik* (Yudibrata, Spk:1998), *Psikolinguistik Suatu Pengantar* (Samsunuwiyati:2005), *Pengajaran Pemerolehan Bahasa* (Tarigan:1988).

Téori-téori tata basa dipaké pikeun maluruh kandaga kecap dasar jeung warna kecap. Anapon buku-buku nu dijadikeun sumber, di antarana: *Wacana, adegan Kecap, Frase jeung Klausa Bahasa Sunda* (Prawirasumantri:1993), *Kamus Istilah Elmuning Basa Sunda* (Sudaryat; 2005), *Tata Basa Sunda Kiwari* (Sudaryat spk.,:2007).

Téori-téori ngeunaan pangajaran, pendidikan usia dini dijadikeun référensi pikeun maluruh standar kompetensi atawa kompetensi dasar dina nangtukeun bahan ajar basa Sunda di *Play Group*. Buku-buku nu dijadikeun sumber, nya éta *Pendidikan Anak Dini Usia (Panduan Praktis Bagi Ibu dan Calon Ibu)* (Anwar:2004) sarta buku-buku kurikulum.

Disagédéngéun téori-téori nu geus ditataan di luhur aya ogé téori ngeunaan psikologi nu bakal diperlukeun dina ieu panalungtikan di antarana nu dijadikeun sumber nya éta *Psikologi Perkembangan* (Mar'at: 2008)

1.6. Wangenan Operasional

Sawatara istilah perlu diécéskeun deui sangkan teu aya dwima'na dina ngartikeun ieu panalungtikan. Istilah nu dimaksud nya éta, *kandaga kecap, barudak umur 2-3 taun, jeung Play Group*.

- A. Kandaga kecap téh nya éta sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa tur dikawasa sarta dipaké ku panyaturna.
- B. Barudak umur 2-3 taun nya éta barudak nu sacara intelektual kaasup *preoperation preconceptual stage* nya éta cara-cara mikirna masih maké konsép kumaha hal-hal atawa banda-banda nu aya bisa ngawujud.
- C. *Play Group* nya éta tempat barudak diajar sosialisasi katut interaksi jeung babaturan saumurna, budak ogé bisa ulin ku cara dibimbing jeung dibéré pembelajaran nu sipatna dasar.
- D. Jadi, anu dimaksud “Kandaga Kecap Barudak Umur 2-3 Taun di Desa Gandasari Kacamatan Katapang Kabupatén Bandung (Pikeun Bahan Dasar Diajar Basa Sunda di *Play Group*) téh nya éta panalungtikan ‘pemerolehan’ léksikon (kandaga kecap) barudak umur 2-3 taun di désa Gandasari kacamatan Katapang Kabupatn Bandung pikeun dijadikeun bahan dasar diajar basa Sunda di *Play Group*.

1.7. Métode jeung Téhnik Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Anu didéskripsikeuna nya éta kandaga kecap basa Sunda barudak umur 2-3 taun. Pikeun meunangkeun data digunakeun tilu téknik, nya éta (1) téknik observasi, (2) téknik wawancara, jeung (3) téknik sadap rékam.

Pikeun ngolah data digunakeun téknik analisis distribusional. Ari léngkah-léngkahna ngawengku (1) milih data (2) midangkeun data, jeung (3) nyieun kacindekan.

1.8 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakur barudak nu umurna 2-3 taun nu aya di Desa Gandasari Kacamatan Katapang Kabupatén Bandung. Tina éta desa ditangtukeun hiji RW nya éta RW 08 nu miboga 5 RT. Sakur budak nu umurna 2-3 taun di éta RT dijadikeun populasi. Pikeun sampelna ditangtukeun 4 budak, nya éta 2 budak lalaki jeung 2 budak awéwé.